



Pwomès ACA yo

- 1) Nou pral dekouvri vrè idantite nou lè nou renmen tèt nou epi aksepte nou jan nou ye a.
- 2) Estim de swa nou ap ogmante pandan n ap apwouve tèt nou chak jou.
- 3) Kè sote nou te konn genyen pou moun ki gen otorite ak bezwen pou nou fè tout moun plezi ap disparèt.
- 4) Kapasite nou pou nou pataje afeksyon ak entimite ap grandi anndan nou.
- 5) Pandan n ap fè fas ak pwoblèm abandon nou yo, n ap atire pa fòs epi n ap vin pi toleran ak feblès.
- 6) Nou pral jwi santiman estabilite, lapè, ak sekirite finansye.
- 7) Nou pral aprann kijan pou n jwe epi pran plezi nan lavi nou.
- 8) Nou pral chwazi renmen moun ki ka renmen epi ki ka pran responsablite pou tèt yo.
- 9) Li pral vin pi fasil pou nou mete limit ak baryè ki an sante.
- 10) Kè sote nou genyen pou echèk ak siksè ap disparèt, pandan nap chwazi pi bon bagay plis natirèlman.
- 11) Avèk sipò gwoup ACA nou an, nou pral lage ti kras pa ti kras konpòtman ki pa bon yo.
- 12) Ti kras pa ti kras, avèk èd Sila ki pi wo pase nou an, nou pral aprann atann pi bon bagay epi nou va resevwa yo.